



## Pou kimoun aksè nan lang ak kominikasyon an ye?

*Nan lane 2016, Majistra Martin J. Walsh te siyen yon òdonans minisipal ki rele “Establishing Language and Communications Access for City Services” (Etabli Aksè nan Lang ak Kominikasyon) pou sèvis vil la ofri (). Nou kontan pataje avèk ou pwogrè yo te reyalize nan seri atik mansyèl sa yo. Nou espere ou pral sipòy nou pou fè Boston tounen yon kote ki pi aksesib pou abite, travay ak jwe.*

Ki moun ki benefisye nan aksè nan lang ak kominikasyon? Repons kout la se ke li pou nenpòt elektè ki bezwen asistans nan lang ak kominikasyon lè yo an rapò ak vil Boston. Elektora sa a gen ladann rezidan, pwopriyetè biznis, vizitè, etidyan, manm kominote a, elatriye.

Plis presizeman, pwogram nou an konsantre sou ofri bonjan aksè bay de (2) gwoup demografik prensipal: moun ki pale lang ki pa anglè ak moun ki gen andikap. Anba la a w ap jwenn yon apèsi sou gwoup demografik sa yo nan Boston koumanse depi nan lane 2016. Pou eksplòre done Vil la ak done ki espesifik pou chak katye avèk plis detay, tcheke Rapò Done Demografik nou yo [pou lang](#) ak [pou andikap](#).

### Lang

Anviwon 37% popilasyon Boston an itilize lakay yon lang ki pa anglè. Sèten ladan yo metrize plizyè lang, ikonpri anglè. Anviwon 17% di yo gen enpe difikilte pou pale, li, ekri oswa konprann anglè. Menmjan ak nenpòt ladrès, gen anpil konpetans ki nesèsè pou konnen yon lang vreman. Sèten moun gendwa nan premye etap aprantisaj la. Gen lòt ki gendwa metrize anglè men ki bezwen sipò adisyonèl nan kontèks espesifik tankou nan sitiasyon jiridik oswa medikal. Li enpòtan pou nou rekonèt diferans sa yo kòm diferans ki inik pou chak moun ak sikonstans apa.

Vil Boston an ofri sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou tout moun ki bezwen asistans nan yon lang ki pa anglè. 10 lang yo mande sèvis linguistik leplis nan Boston se:

- 1.
2. Panyòl
3. Kreyòl ayisyen
4. Mandaren - chinwa
5. Vyetnamyen
6. Kantonè - chinwa
7. Kreyòl Kap Vè
8. Ris
9. Arab
10. Pòtigè
11. Fransè



## Andikap

Obektif nou an se bese obstak moun ki gen yon andikap gendwa genyen ki afekte kapasite yo pou yo tandè, pale, li, ekri epi/oswa konprann. Pou ogmante aksè nan kominikasyon gen ladann itilize teknoloji ki bay asistans, adapte fason enfòmasyon an prezante epi bay sèvis ki ede moun eksprime lide yo epi konprann youn lòt.

Nan vil Boston, gen piplis pase 84 000 moun ki gen yon andikap. Anviwon 22% moun idantifye tèt yo kòm moun ki soud oubyen ki mal pou tandè, epi 21% idantifye tèt yo kòm moun ki avèg oubyen ki mal pou wè. Li enpòtan pou rekonètèksperyans moun genyen avèk andikap yo kapab diferan. Yon andikap kapab vizib oswa envizib. Li ka reprezante divès obstak oswa kreye enpe difikilte sèlman pou mobilite, lavi otonòm oswa kapasite moun lan pou li kominike. Anplisdesa, andikap yon moun kapab gen konsekans ki trè diferan sou kapasite li pou touche yon salè pa rapò ak eksperyans yon lòt moun ki gen menm andikap la.

An palan de sa, vil Boston ap travay pou adopte plizyè estanda pou ogmante aksè toupatou nan lavil la pou moun ki gen yon andikap. Prezizeman, nou:

- 1) Fè piblisite pou sèvis langaj siy ameriken ak Communications Access Real-Time Translation (Aksè nan kominikasyon an tan reyèl - CART).
- 2) Ekri tèks yo nan nivo ki bon pou elèv 8yèm gred epi evite itilize mo ki teknik.
- 3) Itilize dizayn ki senp ak fasil pou konprann ki vle di gen mwens tèks ak plis imaj ak ikòn.
- 4) Ofri opsyon pou sou-tit videyo, deskripsyon imaj, transkripsyon odyo, fòm altènatif ak dokiman PDF ki fasil pou li pou tout tip medya.

## Kisa ki vini apresa?

Nou konprann eksperyans moun genyen pa toujou fasil pou senplifye pou kapab mete yon nan yon sèl karakteristik oubyen kategori. Gen anpil fason pou moun gendwa viktim yon anpechman nan lang oswa nan kominikasyon. Kidonk, nou nan mitan yon aktivite kolèk done nan tout vil la pou eseye konprann pi byen tout rapò ki genyen ant lang, andikap, laj, ak lòt detay toujou. Vin jwenn plis enfòmasyon konsènan [Kesyonè sou lang, andikap ak swen pou timoun isit la](#) (gen tradiksyon ki disponib).

Pi bon fason pou nou devlope aktivite nou se pou aprann nan men moun ki ta benefisye si yo te jwenn plis aksè. Nou ta vreman renmen tandè kijan ou panse n ap degaje nou, kisa nou kapab fè pou amelyore oubyen kijan tip aksè sa a te chanje fason nou an kontak avèk vil la. Ou kapab [ekri nou](#) oswa [voye yon fòm anonim](#).

Sonje fidbak ou pral ede n deside sa n ap fè jodiya ak direksyon nou pral pran pandan plizyè lane pi devan.



**Pwogram Language and Communication Access (Aksè nan Lang ak nan Kominikasyon)** lan travay pou ranfòse Vil Boston pou ke sèvis, pwogram ak aktivite sa yo vreman aksesib pou tout rezidan yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, al gade paj nou an nan [Language and Communications Access website.](#)

Español | Kreyòl ayisyen | 繁體中文 | 简体中文 | Tiếng Việt | kriolu | العربية | Português | Русский | Français